**दिन—सोमवार** **दिनांक—24.02.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे किसानक कल्याण केन्द्र सरकारक प्राथमिकता मे सम्मिलित अछि। श्री मोदी भागलपुरक हवाई अड्डा मैदान मे पी.एम. किसान योजनाक सातम वर्षगांठक अवसर पर आयोजित कार्यक्रम मे किसान सम्मान निधिक उन्नैसम किस्त जारी करबाक बाद सभा के संबोधित कैलनि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक किसान सम्मान निधिक योजनाक अन्तर्गत प्रत्यक्ष लाभ अंतरणक माध्यमे नौ करोड़ अस्सी लाख किसान के सीधा लाभ भेल अछि। बाईस हजार सात सय करोड़ टाका सँ बेसी राशि सीधा लाभार्थीक खाता मे अंतरित कैल गेल। एहि अवसर पर प्रधानमंत्री कहलनि जे जौं एन.डी.ए. सरकार नहि होयत तऽ देशक किसान आइयो अपन मजबूरीक संग जीबाक लेल विवश रहितथि।

---

एहि अवसर पर प्रधानमंत्री कहलनि जे बिहार माछ उत्पादन मे आत्मनिर्भर भेल अछि। ओ मखानक खेतिहर किसानक संबंध मे कहलनि जे आब मखानक सेवन सभक आवश्यकता भऽ गेल अछि। आ बजट मे सरकार द्वारा मखाना बोर्डक स्थापना हेबाक बाद किसानक स्थिति सुदृढ़ होयत। ओ पश्चिमी कोसी नहर परियोजना मे वित्तीय सहायता उपलब्ध करेबाक चर्चा कैलनि। प्रधानमंत्री कहलनि जे बिहार मे एगारह सय करोड़ टाकाक लागति सँ गंगा पर चारि लेनक पुल बनि रहल अछि।

---

प्रधानमंत्री प्रदेशक किसान सँ संबंधित विभिन्न विकास परियोजनाक लोकार्पण आ उद्घाटन सेहो कयलनि। प्रधानमंत्री वर्चुअल माध्यमे सँ राष्ट्रीय गोकुल मिशनक अन्तर्गत मोतिहारी मे मवेशीक देशी नस्लक प्रजनन लेल क्षेत्रीय उत्कृष्टता केन्द्रक उद्घाटन कयलनि। ओ वीडियो कान्फ्रेंसक माध्यमे बेगूसराय जिलाक बरौनी मे एक सय तेरह करोड़ टाकाक लागति सँ स्थापित दूध संसाधन इकाई के सेहो समर्पित

कयलनि आ नव निर्मित दोबर रेलवे लाइन नवादा–वारिसलीगंज–तिलैया सेक्सनक लोकार्पण सेहो कयलनि। प्रधानमंत्री देशभरि मे स्थापित कयल गेल दस हजार किसान उत्पादक संगठनक सेहो उद्घाटन कैलनि।

————————————————

एहि अवसर पर राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खान, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, केन्द्रीय कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान आ आनो गणमान्य लोक सभा के संबोधित कयलनि।

————————————————

आकाशवाणी, पटना प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक भागलपुरक सभा पर आधारित एक रेडियो रिपोर्ट आइ राति साढ़े दस बजे सँ राति एगारह बजे धरि प्रसारित करत। एकरा राज्यक सभ आकाशवाणी केन्द्र रिले करत।

————————————————

पटना मे मेडिकल कॉलेज अस्पतालक तीन दिवसीय शताब्दी समारोह शुरू भऽ गेल। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू काल्हि पटनाक बापू सभागार मे होययवला मुख्य समारोह मे मुख्य अतिथिक रूप मे सम्मिलित हेतीह। एम्हर, आइ समारोहक वैज्ञानिक सत्रक आयोजन कयल गेल, जकर शुभारंभ जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी कयलनि।

————————————————

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मूक पी.एम.सी.एचक स्थापनाक शताब्दी समारोह मे सम्मिलित हेबा पर आकाशवाणी पटना राष्ट्रपतिक कार्यक्रम पर आधारित रेडियो रिपोर्ट काल्हि राति साढ़े दस बजे सँ एगारह बजे धरि प्रसारित करत। एहि रेडियो रिपोर्ट के प्रदेशक सभ रिले केन्द्र प्रसारित करत।

————————————————

प्रदेशक विभिन्न जिला मे बिहार पुलिस सप्ताह दू हजार पच्चीसक अन्तर्गत विभिन्न कार्यक्रमक आयोजन कैल जा रहल अछि। ई आयोजन सत्ताईस फरवरी धरि

चलत। एहि अवसर पर प्रदेशक विभिन्न थाना मे जन जागरूकता कार्यक्रमक आयोजन कैल जा रहल अछि।

———————————————————

राजधानी पटना समेत प्रदेशक अधिकांश भाग मे मौसम शुष्क बनल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार अधिकांश ठाम तापमान मे वृद्धि दर्ज कैल जा रहल अछि। पछिला चौबीस घंटा मे प्रदेशक उत्तर–मध्य आ दक्षिण–पूर्व भाग मे किछु स्थान पर आंशिक बरखा दर्ज कैल गेल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला दू दिन धरि प्रदेशक विभिन्न भाग मे तापमान मे वृद्धि होयत।

———————————————————

समाप्त